

## Uruhusha ruvuye kumuvyeyi gwo kurekurira umwana

Muriko musabwa uruhusha gwo kwemerera umwana wanyu kwaja muvyigwa vyubura. Imbere yuko mwemera, mutegerezwa guhabwa incamake yivyo vyigwa vyungura ubumenyi. Iyo ncamake itegezwa kuba ifise inkenuzo zibafasha gutahura igituma mwokwifatanya nabandi murivyo vyigwa canke mugafata ingingo yokutaba murivyo vyigwa vyubura.

Imbere yuko mwemeza, uwubingenzura asabwa kubamenyesha ibi bintu :

1. Imigambo yivyo vyigwa , ukuntu bigenda hamwe numwanya bizomara;
2. Intabuko zishobora kubafasha ;
3. Ivyoshobora kubasindira hamwe n' ivyo mushobora kwungukira murivyo vyigwa
4. Ivyiza bishoboka kubera murivyo vyigwa;
5. Ukuntu inkenuzo zibaranga hamwe niziberekeye bizobikwa ;
6. Uwo mushobora korondera nimwaba mufise ibibibazo,imyidodombo canke iyo hababayeko ingorane kumubiri yaba gukomereka nibindi.

Bishobotse,( kuri bamwe bamwe) uwubijejwe asabwa kubamenyesha ibi bintu :

1. Inshobosho canke ukuntu muzovugwa nihagira ikibashikira ;
2. Bimwe muvyohava bibashikira ;
3. Niyo haba ibituma umugenzuzi yanka kumwana wanyu abandanya murivyo vyigwa ;
4. Hagize amahera yongengwako kuri mwebwe canke kumwana wanyu ;
5. Ibikurikira niyo mwafata ingingo yo guhebesha umwana wanyu ivyo vyigwa vyubura;
6. Aho muzomwenyeshwa icavuyemwo murivyo vyigwa naho bishobora gutuma mufata ingingo yo kwimwima umwana wanyu uruhusha gwo kuja murivyo vyigwa;
7. Igitigiri cabantu bazoba bari murivyo vyigwa ;
8. Ukuntu mwokwemerera ko bakoresha inkenuzo zerekeye amagara yumwana wanyu murico cigwa.

Ingingo yo kwemera kuba murivyo vyigwa iva kuri mwebwe, ntimuzohanwa canke mutakaze ikintu niyo mwafata ingingo yo kutaba muribi vyigwa. Muteyeko igikumu kururu rupapuro muza kuba mwemeje ko mwasiguriwe neza kuvyerekeye ico cigwa cubura, yuko mwemeye kuba muriki cigwa atagahato . Niyo mwemeza , mutegerezwa guhabwa urupapuro rusa nuru ruteyeko igikumu hamwe nivyandikwa vy'incamake yivyo vyigwa iri mururimi gwicongereza.

## Ibibazo ?

Nimwaba mufise ibibazo, imyidodombo, ingorane zababayeko kumubiri vyerekeye iki cigwa, murashobora guhamagara umugenzunzi abijejwe mukoresheje inomero ya terefone yandistwe muncamake yivyigwa mwahabwe. Nimwaba mufise ikibazo cerekeye uburenganzira bwumwana wanyu muriki cigwa, imyidodombo, ingorane zamubayeko kumubiri gusa mukaba mudakeneye kubiganiririza uwo umugenzunzi abijejwe, murashobora guhamagara Utah Institutional Review Board Office mukoresheje inomero ya terefone canke amakete yakijambere ( imeyili) yandistwe muriya ncamake yivyigwa .

\_\_\_\_\_  
Izina ry'umwana

\_\_\_\_\_  
Izina ryumuvyeyi

\_\_\_\_\_  
Igikumu c'umuvyeyi/  
uwumujejwe

\_\_\_\_\_  
Itariki

\_\_\_\_\_  
Ico bapfana n'uwumujejwe

Ndemeje yuko ariho narindi nkumu siguzi muriki kiringo civyigwa vyubura . Ndemeje yuko nzwi kandi nfise ubuhizi bwo gutanga insiguro mukirimi cabavyeyi/uwumujejwe hamwe no mururimi gwicongereza. Nkaterako igikumu nza kuba nemeje yuko nakoze ibishoboka mugutanga insiguro ikwiye kuwu rokenjwe uru rupapuro hamwe nokumuvyeyi canke uwumujejwe.

\_\_\_\_\_  
Izina ryumusiguzi

\_\_\_\_\_  
Igikumo cumusiguzi

\_\_\_\_\_  
Itariki